

Kisa maladi kowonaviris 2019 (COVID-19) ye?

Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19) se yon maladi respiratwa ki ka gaye soti nan yon moun ale nan yon lòt. Viris ki lakòz COVID-19 se yon nouvo viris ke yo te idantife pou premye fwa diran envestigasyon sou yon epidemii ki te deklare nan Wuhan, Chin.

Èske moun nan U.S. ka atrape COVID-19?

Wi. COVID-19 pwopaje de yon moun a yon lòt moun; se yon viris yo detekte nan sèten kote Ozetazini. Riskenfeksyon ak COVID-19 wo anpil pou moun ki gen kontak sere ak moun ki gen COVID-19, ezzanp pwofesyonnel sante, oswa manm moun nan kay. Lòt moun ki a risk pou enfeksyon se moun ki viv nan zòn oswa ki te ale resaman nan yon zòn kote viris-la vin kontajye anpil pou moun ki la. Enfòme ou sou andwa, kote enfeksyon an pwopaje yon fason kontini sou sit <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/about/transmission.html#geographic>.

Èske te gen ka COVID-19 nan Etazini?

Wi. Yo te rapòte le 21 Janvye, 2020, premye ka enfeksyon ak COVID-19. Ou ka wékontaj ka enfeksyon ak COVID-19 nan Etazini sou paj web CDC, sit <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/cases-in-us.html>.

Kijan COVID-19 gaye?

Alorijin viris ki lakòz COVID-19 te pwobaleman soti nan yon animal men kounyea viris la pwopaje de yon moun a yon lòt. Viris-la ka gaye ant de moun ki gen kontak sere ak yon lòt (distans 6 pye) atravè sekresyon respiratwa ke yon moun enfekte pwodi lè lap touse oswa estènye. Se posib moun ka trape COVID-19 lè li manyen yon sifas oswa objè ki enfekte ak viris-la epi apre manyen bouch-li, nen oswa je-li, men se pa fason prensipal viris-la pwopaje. Enfòme w sou jan nouvo kowonaviris emèje epi simaye. Ale sou sit <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/about/transmission.html>.

Kijan sentòm COVID-19 mannifeste?

Yo rapòte paysan ki enfekte ak COVID-19 soufri ak maladi respiratwa modere rive gen sentòm grav anpil

- fyèv
- tous
- difikilte respire

Ki konplikasyon grav viris sa lakòz?

Plizyé paysan gen nemoni nan toude poumoun-yo, defayans plizyè ògàn, nan sèten ka, lanmò.

Kijan mwen ka pwoteje tét-mwen?

Moun ka pwoteje tét-yo de maladi respiratwa avèk mezi prevansyon toulejou.

- Evite kontak sere ak moun ki malad.
- Evite manyen je ou, nen ou ak bouch ou avèk men ki pa lave.
- Lave men ou avèk savon epi dlo pandan omwens 20 segonn. Sévi ak yon dezefenktan pou men abaz alkòl ki gen ladann omwens 60% alkòl si savon ak dlo pa disponib.

Si ou malad, pou anpeche maladi respiratwa gaye epi moun pa vin soufri de maladi a, ou ta dwe

- Rete lakay ou lè ou malad.
- Kouvri tous ou oswa estènye nan yon klinéks, epi apre sa jete klinéks la nan poubel.
- Netwaye epi dezenfekte souvan objè ak sifas ke moun manyen.

Kisa mwen dwe fè si mwen te vwayaje nan yon kote enfeksyon ak COVID-19 gaye?

Si ou te vwayaje nan yon zòn ki te afekte, yo ka mete restriksyon nan mouvman ou jiska 2 semenn. Si ou devlope sentòm diran peryòd sa (lafyèv, tous, difikilte respire), chache konsèy medikal. Rele klinik pwofesyonnel sante ou anvan ou ale nan klinik-la, epi di-yo ki kote ou te vwayaje ak ki sentòm ou devlope. Yo va ba-ou enstriksyon sou jan pou w jwenn tretman san espoze lòt moun ak maladi a. Lè ou malad, evite kontak sere ak moun, pa soti epi ranvwaye tout vwayaj nan bi diminye risk ak posiblite pwopagasyon maladi a.

Èske gen yon vaksen?

Pa gen oken vaksen kounyea ki ka pwoteje kont viris COVID-19. Meyé fason pou anpeche enfeksyon se pran mezi prevansyon, tankou evite kontak sere ak moun ki malad epitou lave men ou souvan.

Èske gen yon tretman?

Pa gen yon tretman antiviral espesifik pou viris COVID-19. Moun ki enfekte ak viris COVID-19 ka resevwa tretman pou ede soulaje sentòm-yo.

Pou plis enfòmasyon: www.cdc.gov/COVID19

